



Rapò Konsèy la
18 Oktòb 2024

MIZAJOU KOMISYON AN

Yon mesaj biwo Doktè Alexandra Estrella, Direktris

18 Oktòb 2024

EKSELANS, EKITE, & ENKLIZYON

Kominikasyon

Lyen Rapid

- [NPS Rekonèt Mwa Prevansyon kont Brimad 2024](#)
- [NPS Rekonèt Mwa Sansibilizasyon kont ADHD 2024](#)
- [NPS Selebrev Semèn Devlopman CT pou Timoun CT nan Tracey Magnet School](#)
- [Vil Norwalk & NPS Selebrev Seremoni Kouwònman Asye pou South Norwalk Elementary School](#)
- [NHS Genyen Pri Akonplisman Michaels Jewelers la](#)

Rankont Komisyon Edikasyon (Board of Education, BOE) Norwalk: Bidjè Ane Fiskal 2025-26



Komisyon Edikasyon Norwalk la òganize premye Rankont li ki santre sou Bidjè Operasyon ak Kapital BOE a pou Ane Fiskal 2025-26 nan dat 10 Oktòb. Dis tab ranpli ak manm BOE ak Konsèy Komen an, administratè lekòl yo, paran, ak lòt manm kominote a k ap diskite sou yon lis pou bidjè epi diminye l pou kèk priyorite prensipal.


Komisyon an pral ofir opòtinite anplis pou kominote a angaje nan devlopman bidjè alavans. Tanpri siveye dat ki pral vini yo.



Asire ou tcheke dènye edisyon Eta Lekòl NPS yo, ki fè wè Sa ki Chanje Done yo nan distri nou an -- elèv ki repouse limit yo, defye bagay ki sanble pa ka bouje, epi kwè nan pouvwa posiblite.

Dènye edisyon an montre tou nouvo inisyativ Pòtrè yon Gradye nou an ak anpil lòt bagay enteresan ankò k ap pase nan Lekòl Piblik Norwalk yo. *Klike la a pou w li!*

Norwalk HELPS



Tcheke nouvo Gid Resous Norwalk Helps la, ki bay oryantasyon jeneral ak yon pi bon konpreyansyon sou sante mantal ak sipò kominotè epi sèvis ki disponib pou elèv yo, fanmi yo, ak edikatè yo nan Lekòl Piblik Norwalk yo. Enfòmasyon ki nan gid sa a pa konplè, men nou espere l ap sèvi kòm yon zouti ki itil pou paran yo ak responsab legal yo ki ka genyen preyokipasyon konsènan sante mantal ak byennèt pitit yo.

Okenn enfòmasyon nan gid sa a pa dwe konsidere kòm konsèy medikal oswa sikyatrik ni li pa la pou ranplase yon pwofesyonèl ki jwenn fòmasyon nan sante mantal. Entansyon nou se retire konfizyon,

diminye mank konpreyansyon, epi bay repons klè ki senp pou kesyon jeneral konsènan resous sante mantal ki disponib lan ak sipò nan kominote nou an.

Rapèl Festival Eritaj Ispanik



Pa bliye asiste Festival Eritaj Ispanik la semèn pwochèn nan dat Jedi 24 Oktòb soti 5:25 pou rive 8 è p.m. nan Brien McMahon High School.

Festival ane sa a pral selebre “Pyonye Chanjman yo: Desinen Lavni Ansanm,” fè parèt pèsonalite Ispanik enfliyan ke kontribisyon yo te desinen monn nou an. Rejwenn nou pou w ka apresye yon seri bèl pèfòmans, manje apètitisan ak anpil amizman!

Chwa Lekòl Presegondè



Nou te òganize twazyèm Prezantasyon Anyèl Lekòl Presegondè nan dat 9 Oktòb. Plis pase 400 moun te asiste pou aprann konsènan senk lekòl presegondè diferan nou yo ak ekselan pwogram yo genyen, yo jwenn opòtinite pou pale ak administratè lekòl yo ansanm ak lidè pwogram yo.

[Klike la a pou w wè tout moun ki te asiste!](#)

Lotri Chwa Lekòl Presegondè a louvri pou kounye a. L ap fèmen nan dat 6 Desanm, epi tiraj lotri a ap fèt nan dat 16 Desanm. Si fanmi yo te rate prezantasyon an y ap jwenn yon lòt opòtinite pou rankontre ak lekòl yo nan jounen pòt louvri chak lekòl ap fè anvan 15 Novanm.

Make sa nan kalandriye w! Prezantasyon Lekòl Segondè yo ap fèt **Mèkredi 4 Desanm** soti 6 zè rive 8 è p.m. nan Brien McMahon High School.

Plis Prim!

Lekòl Piblik Norwalk yo te genyen 11 Prim Ekselans Bonnie B. Carney pou Kominikasyon nan Edikasyon nan men Asosyasyon Konsèy Edikasyon CT a (CABE). Prim sa yo, anplis de 9 prim Nasyonal NSPRA nou te genyen anvan sa ane sa a, se prèyè pouvw kolaborasyon ant Kominikasyon NPS, Doktè Estrella, administrasyon l lan, lidè lekòl yo ak tout moun nan kominote lekòl nou an.

Kominikasyon NPS te resevwa rekonesans nan kategori ki annapre yo:

Medya Sosyal

- Kanpay Mwa Istwa Fanm
- Poukisa m ap Anseye sou kanpay
- Selebrasyon Pwofesè ki La Lontan

Rapò Anyèl

- Eta Lekòl NPS yo 2023

Pwojè Jenere sou Òdinatè

- 21 Strong
- Hola Familia

Gid Chwa Kou

- Chwa Lekòl Piblik Norwalk yo - Gid Chwa Kou

Sit Entènèt

- Sit Entènèt Sant Fanmi an

Bidjè Distri a

- Bidjè an Brèf

Pwojè Espesyal

- Premye Liv Kanpay 2024

Pwojè Espesyal (AV)

- Anndan NPS

Sizoka Ou Te Rate L

¡Hola Familia! (VIDEYO)

Tcheke dènye epizòd “Hola Familia” a, emisyon enfòmasyon ann Espanyòl ki resevwa prim nou fè a!



Kisa P.R.I.N.T. Vle Di pou Ou? (VIDEYO)

Koute Ti Lous Tracey yo ansanm ak pwofesè yo konsènan valè P.R.I.N.T. prefere yo!



Sant Fanmi NPS - Klas Konvèsasyon ann Espanyòl



Yonn nan opòtinite aprantisaj ki pi popilè ke Sant Fanmi an itilize ane sa a se te Klas Konvèsasyon ann Espanyòl yo. Gen anpil moun nan kominote nou an ki vle aprann pale Espanyòl pou yo ka pi byen kominike ak elèv yo, paran yo ak vwazen yo.

Ti Videyo NPS yo (VIDEYO) - Pa bliye gade plis ti videyo NPS nou yo (VIDEYO). Ou p ap janm rate youn si w swiv nou sou Instagram @norwalkschoolst

- Vil Norwalk & Lekòl Piblik Norwalk yo Selebri Seremoni Kouwònman Asye Lekòl nan Sid Norwalk (VIDEYO)
- NPS Selebri Semèn Devlopman CT pou Timoun CT nan Tracey Magnet School (VIDEYO)

Dat Enpòtan

Madi 5 Novanm - Jou Eleksyon/Devlopman Pwofesyonèl Staf (Pa gen Lekòl); Retrèt Biwo Santral (nan Pinstripes)

Lendi 11 Novanm - Jou Ansyen Konbatan (Pa gen Lekòl/Biwo Santral Fèmen)

Jedi 14 & 21 Novanm - Konferans pou Matènèl jiska 5yèm ane (Klas yo ap Ranvwaye 2 Zèdtan Anvan Lè)

Mèkredi 27 Novanm - Poz Thanksgiving (Klas yo ap Ranvwaye 2 Zèdtan Anvan Lè)

Jedi 28 ak Vandredi 29 Novanm - Poz Thanksgiving (Pa Gen Lekòl/Biwo Santral Fèmen)

Pwochen Evènman yo

Festival Eritaj Ispanik

Jedi 24 Oktòb soti 5:45 pou rive 8 è p.m.

Lekòl Segondè Brien McMahon

Lekòl Piblik Norwalk vle envite w nan twazyèm Festival Eritaj Panyòl anyèl nou an nan dat Jedi 24 oktòb soti 5:45 jiska 8 p.m. nan Brien McMahon High School.

Li jwenn enspirasyon l nan tèm nasyonal la, "Pyonye Chanjman: Konstwi Lavni Ansanm," amize w nan gade espektak enteresan ki rakonte istwa pyonye Panyòl ki te konstwi avni Etazini a. Amize w nan gade pèfòmans elèv yo ki prezante dans, mizik, atizana vizyèl, teyat, ak pwezi, tout bagay sa yo te mete aksan sou gete ki genyen nan eritaj ak kilti Panyòl la.

Epitou pral genyen prezantasyon elèv yo, yon didje ak manje tradisyonèl yo pou al lakay ou.

Fwa Lannuit Alowin

Samdi 26 Oktòb soti 2 è rive 10 è p.m.

50 Washington St. nan Norwalk

Norwalk pral transfòme Washington Street an yon Espektak Alowin pou Fwa Lannuit Alowin anyèl li a nan dat Samdi 26 Oktòb soti 2 rive 10 zè p.m. nan nimewo 50 Washington St.

Fanmi yo envite pou apresye aktivite ki baze sou Alowin yo sa gen ladann dekorasyon sitwouy, kay pou vole, jwèt, wout Bonbon oswa Malediksyon, ak chans pou rankontre Sè Sanderson yo ki fè "Hocus Pocus" nan Disney ak plis ankò!

Klike la a pou plis enfòmasyon: www.halloweennightfair.com

Festival Kòd nan Tout Vil la

Mèkredi 30 Oktòb a 7 è 30 p.m.

Norwalk Concert Hall, 125 East Ave. nan Norwalk

Èske w te konnen ke Festival Kòd nan Tout Vil la te toujou fèt chak ane nan Lekòl Piblik Norwalk yo depi 1980? Se yon pakèt pèfòmans enkwayab!

Nou pa ka tann pou n selebre festival ane sa a nan dat Mèkredi 30 Oktòb a 7 è 30 p.m. nan Sal Konsè Norwalk la. Admisyon an GRATIS! Festival la ap mete an vedèt elèv k ap aprann kòd yo nan tout distri a sa gen ladann òkès 5yèm ane a, òkès lekòl presegondè ak òkès lekòl segondè yo.

Evènman Efreyan nan Machin

Jedi 31 Oktòb soti 3 rive 5 è p.m.

NPS Family Center, 1 Park St. nan Norwalk

Tanpri rejwenn Sant Fanmi an pou Evènman Efreyan nan Machin yo a! Ou pap vle yon sware mizik, sak kado efreyan, ak anpil amizman!

Evènman sa a kote fanmi ka patisipe se pou tout chèchè yo! Machin yo ap kondui toutotou Sant Fanmi an, kanpe nan antre a pou pran yon sak kado nan men staf Sant Fanmi an. Pa bliye abiye ak kostim ou!

Tès ak Responsabilite

Nan dat 1^{ye} Oktòb elèv nan klas 8^{yèm} ak 9^{yèm} ane te pran tès PSAT 8/9 Konsèy Administrasyon Inivèsite a. Nan dat 2 Oktòb elèv nan klas 10^{yèm} ak 11^{yèm} ane te pran tès PSAT/NMSQT a. Objektif PSAT a se pou mezire si chak elèv pare pou inivèsite ak karyè epi detèmine ki matyè ak konpetans yo bezwen plis travay. Konsèy Administrasyon Inivèsite a pa voye nòt PSAT yo bay inivèsite yo. Nòt sa yo pa sipoze fè pati desizyon pou admisyon nan kolèj. PSAT/NMSQT a se tès kalifikasyon pou Pwogram Bous Merit Nasyonal la, yon konpedisyon akademik pou rekonesans ak bous.

Peryòd tès otòn Endikatè Dinamik Konpetans Debaz nan Lekti ak Ekriti (DIBELS) te fini nan dat 8 Oktòb. Plis pase 3000 elèv nan klas K-3 te patisipe. Objektif DIBELS la se pou ede pwofesè yo ak lekòl yo evalye kapasite lekti yo epi idantifye elèv ki ka bezwen sipò anplis. Nan diferan klas yo pousantaj elèv ki fè nòt referans otòn nan parèt ap monte: otòn 2022- 50%, otòn 2023- 53% epi otòn 2024- 55%.

Revizyon Kalite Lekòl (School Quality Review, SQR)


Pral gen 13 lekòl k ap resevwa yon Revizyon Kalite Lekòl pou 2024-25. Tout lekòl yo te pran fòmasyon. Semèn sa a se premye Revizyon Kalite Lekòl la nan West Rocks Middle School nan Mèkredi ak Jedi 16 ak 17 Oktòb 2024. Se dezyèm SQR yo e premye a se te 2022-23.

Rechèch ak Analiz

Tablo done yo te entegre done NWEA, DIBELS, ak DESSA pou kòmansman ane a nan yon sèl plas, fòmate sou baz demann Direktè a. Travay la ap kontinye pou rafinen tablo done disiplin yo pou sipòte depatman operasyon an nan diminye ensidan ki gen rapò ak konpòtman epi ogmante ekite.

Ekip la te kòmanse yon nouvo pratik ane sa a pou voye imèl bay lekòl yo ki gen nouvo gwoup done ki disponib pou yo ka revize. Olye pou yo sèlman bay kominikasyon ki di done yo disponib, se konsa yo te konn fè l nan ane anvan yo, yo voye kounye a imèl espesifik pou lekòl yo. Jiskaprezan gen de (2) gwoup done ke yo voye. Gen yonn ki konsantre sou yon mizajou nan vizyalizasyon pou pèmèt lekòl yo wè fason pèfòmans elèv yo nan NWEA te chanje soti fen ane lekòl 2023-24 la pou rive kòmansman ane lekòl 2024-25 lan. Lòt la te konsantre sou pèfòmans elèv yo, selon nivo a, depi nan premye pwen kontwòl ELA pou ane a.

Sistèm Enfòmasyon Elèv



Lotri Lekòl Presegondè a te louvri pou fanmi yo. Aplikasyon an ap louvri jiska 6 Desanm 2024. Tiraj lotri a ta sipoze fèt nan dat 16 Desanm 2024 epi rezilta yo pral jwenn fanmi yo sou yon semèn aprè tiraj lotri a.

KOURIKOULÒM, ENSTRIKSYON, AK APRANTISAJ ESPESYALIZE

Syans Imanitè

De semèn ki sot pase yo te genyen yon bann sipò pou lekòl yo. An kolaborasyon ak Depatman Aprantisaj Plizyè Lang lan, n ap travay ak Silvermine sou aliyman inite leson Etid Lang Espanyòl ak Etid Lang Anglè. Anplis de sa, sipò etid sosyal nan lekòl presegondè yo te kòmanse tank elèv yo t ap pwoche pi pre nouvo pati ankèt inite a. Ekip la te sipòte Vizit Gide yo nan Distri a nan 7 lekòl pandan y ap kolekte done sou planifikasyon ak enstriksyon. Finalman, nan dat 15 Oktòb la se te yon jounen aprantisaj pou pwofesè yo. Nou te bay aprantisaj pwofesyonèl nan domèn diskou, resous ak planifikasyon etid sosyal, Heggerty, nouvo kourikoulòm revize mizik ak travay atistik la, epi langaj mond lan.



Matematik/STEM

Semèn pase a, depatman an te sipòte CGS ak ekip devlopman lidèchip la pandan yo t ap mete sou pye yon nouvo sistèm pou evalyasyon referans yo. Depatman STEM nan te pote soutyen l nan analize kesyon tè s yo, elabore nòm pou bay nòt, ak fè refleksyon pou travay ki pral fèt annapre.

Depatman STEM nan te ofri plizyè sesyon aprantisaj pwofesyonèl nan dat 15 Oktòb, ak sipò patnè aprantisaj pwofesyonèl yo ak lòt aktè nan distri a ak kominote a. Sesyon elemantè yo te gen ladan yo syans maritim ak Kowòdonatè Maritim ak Syans Maritim nan, Science 4 US ak Gizmos nan Eksplòre Aprantisaj, Inner Orbit, Edikasyon Fizik PD, Salklas Bati Panse pou Matematik, ak Sesyon segondè Ochwa ki gen ladann Edikasyon Fizik, Syans Fizik ak Edikasyon Syantifik ki Louvri, IXL, ak Gizmos.



Semèn pwochèn, aprantisaj pwofesyonèl ap kontinye pou syans pou pwofesè klas 6, 7, ak 8 k ap mete sou pye premye ane yo nan Edikasyon Syantifik ki Louvri. Sa a se yon dezyèm sesyon fòmasyon, ak premye a ki te fèt mwa Jen pase a. Depatman STEM nan te sipòte tou antrenèn yo avèk reyinyon 1:1 yo ki santre sou bati pratik yo ak antrènman entegre ak sipò ki gen obsèvasyon pratik.


Aprenan Plizyè Lang

Nan Jedi 10 Oktòb, Doktè Estrella, Ralph Valensizi, ak Frances Saez te gen opòtinite pou fè prezantasyon nan Konferans sou Kesyon Pèfòmans Connecticut la nan Hartford, CT. Madmwazèl Saez te prezante enfòmasyon sou pwogram Ete Akselere Aprenan Plizyè Lang nan kòm yon pwogram inovan pou sipòte elèv nou yo nan atenn kredi yo bezwen pou gradyasyon yo.

Depatman Aprenan Plizyè Lang nan te òganize yon opòtinite aprantisaj pwofesyonèl nan Sant Fanmi an pou pwofesè elemantè MLL yo nan Madi 15 Oktòb. Pwofesè MLL nou yo ki nan elemantè te angaje nan devlopman pwofesyonèl ak HD Word, yon resous pou sipòte elèv yo nan konpetans lekti ak devlopman. Yon pwofesè envite te rejwenn nou ki soti nan lekòl elemantè Fox Run pou modelize diferan leson ak resous. Anplis de sa, nou kontinye aprantisaj pwofesyonèl sou fason pou itilize done LAS Links yo pou aprann pratik enstriksyon ki sipòte Aprenan Plizyè Lang yo nan salklas la.

Konsèy/Devlopman Pwofèsyonèl

Lekòl Piblik Norwalk yo te gen privilèj fè prezantasyon nan Konferans sou Kesyon Pèfòmans CT la nan Hartford sou Sibvansyon pou Sante Konpòtmantal la ak Evalyasyon SHAPE la. Carol Wiltshire-Toth te rive asiste reyinyon Zoom Konferans jou Madi Eta CT la sou patisipasyon nan tout eta a ak nan Somè sou Kòmansman Kolèj NACEP la kote yo te eksplòre doub enskripsyon nan Ansèyman Siperyè. Ekip la te rankontre ak lekòl segondè yo pou Kolaborasyon Pòs Segondè RISE la. Evalyasyon Risk ak Gid Entèkansyon NPS la te revize epi finalize e y ap pibliye l pou itilizasyon nan yon ti tan ki pa twò lwen (gade foto pi ba a). Travay la kontinye sou Suivi Reyinyon Chèchè yo, kote nou kapab itilize rezilta done yo pou bay plis sipò ak chèchè yo ak staf la tank n ap rafinen enfòmasyon an sou baz kòmantè Konseye Lekòl la pou Klas 8 rive 12.



Devlopman Mendèv te asiste nan Chanm Komès la pou eseye ogmante opòtinite estaj pou Chèchè NPS nou yo. Patenarya Norwalk pou Eta CT la te rankontre pou revize kou potansyèl pou ane k ap vini an ak posiblite finansman. Mwen te rankontre ak Eversource pou diskite sou sòti eskolè lekòl segondè a sou kanmpis yo a pou chèchè nan lekòl segondè ki gen 16+. Mwen te gen privilèj pou fè prezantasyon nan Konferans sou Kesyon Pèfòmans CT la nan Hartford sou Devlopman Mendèv ak Preparasyon Karyè. Travay la kontinye sou Pworam Estaj NPS la, epi aplikasyon Otòn nan sipoze pare pou pataje ak chèchè nou yo pandan mwa Oktòb la. *Pou tout Opòtinite Devlopman Mendèv NPS yo ak plis, vizite www.norwalkps.org/careertraining. Tanpri asire ou make sit entènèt la ak tcheke regilyèman pou nouvo opòtinite enteresan!*

Aprantisaj Espesyalize

Administratè Edikasyon yo, Deirdre McKinnon ak Veronica Lenzen, te patisipe nan Atelye Konsèy la nan dat 8 Oktòb, epi yo te prezante enfòmasyon enpòtan konsènan done ak tandans nan departman an.

Administratè Edikasyon Espesyal yo, Jamie Granite ak Rachel Davis, te rejwenn Deirdre McKinnon ak Veronica Lenzen nan Fwa pou Chwa Lekòl Presegondè a, ki te fèt nan dat 9 Oktòb. Fwa pou Chwa Lekòl presegondè se te yon bèl opòtinite pou pataje ak fanmi yo fason edikasyon espesyalize ak sèvis ki gen rapò ak li yo transmèt nan nivo lekòl presegondè a, e nou te rive pataje kèk objè amizan - jwèt pou peze ak sa pou sekwe.

Epitou nan dat 9 Oktòb la, Norwalk te òganize yon Fwa Tranzisyon, se Kowòdonatè Tranzisyon an ki te travay sou sa, Jessica Ireland, e se te yon patenarya ant Wilton, Westport, Stamford, ak Norwalk. Toule 4 Distri yo kontan akeyi Ability Beyond, STAR, DDS, BRS, Kolektif Kennedy (Kennedy Collective), Rechèch Pwojè (Project Search), Etap Kolèj (College Steps), Abilis, BESB, Marrakesh, Konseye Finansye (Financial Advisors), Edikasyon Kontini Eta CT, Transpò Komen Norwalk (Norwalk Transit), ak plizyè lòt pwogram ak ajans!

Pwofesè Edikasyon Espesyal yo ak founisè Sèvis ki gen Rapò ak yo te patisipe nan Opòtinite Aprantisaj Pwofesyonèl yo nan dat 15 Oktòb. Yo te gen chwa pou asiste 2 nan sesyon ki annapre yo:

- Laboratwa Aprantisaj Entèlijans Atifisyèl
- Pi Bon Pratik PPT
- Mizajou CTSED yo
- Kominikasyon Altènatif/Ogmantatif
- Administratè Gallistal Ellis la ak QRI lan
- Teknoloji Asiste ak Konsepsyon Inivèsèl
- Estrateji Sansoryèl
- Estrateji Konpòtman Pozitif
- Redaksyon Bi ak Objektif ENTÈLIJAN
- Pwosesis Langaj Gestalt

SRBI

Pwofesè pèfeksyonman yo te resevwa devlopman pwofesyonèl adapte nan dat Lendi 7 Oktòb. Sesyon sa a te konsantre sou evalyasyon eta a, analiz done ak yon revizyon done sosyo-emosyonèl yo. Yon reprezantan rejyonal eta a te vini tou epi revize ansanm ak staf la sou Sistèm Sipò a Plizyè Nivo CT-Seds la (CT-Seds Multi-Tiered Systems Support, MTSS).

Pwofesè yo te sipòte devlopman pwofesyonèl la nan dat 15 Oktòb lè yo te òganize sesyon sou fonetik ak sansibilizasyon fonemik. Fòmasyon sa a pral ede staf la konprann epi mete sou pye kourikoulòm pou lektè ki poko maton yo.




DEVLOPMAN LIDÈCHIP

Atelye Antrenè yo

EFFECTIVE INSTRUCTIONAL COACHING FOR IMPROVED CLASSROOM INSTRUCTION

ENHANCE TEACHING AND LEARNING:
RESEARCH-BASED STRATEGIES &
INSTRUCTIONAL COACHING

14 POWERFUL TEACHING STRATEGIES (THE SCIENCE OF TEACHING)



Antrenè Literati, Matematik, ak Literati Dijital yo te envite pou asiste yon semèn sou entènèt gratis ki te òganize pa Jim Knight ak Bryan Goodwin, kote yo te bay yon apèsi sou pwochen atelye yo a - Antrènman Pedagojik Efikas pou yon Salklas Amelyore. Toude chèchè sa yo souliye enpòtans pou w konbine estrateji ansèyman baze sou rechèch ak antrènman pedagojik efikas pou amelyore ansèyman ak aprantisaj nan lekòl yo lè w mete w nan plas elèv la.

Pwomnad Aprantisaj nan Tout Distri a



Pwomnad aprantisaj nan tout distri nou an pou vizite salklas yo te pèmèt nou wè ak je nou enpak inisyativ aprantisaj pwofesyonèl yo nan distri nou an genyen. Lè w wè elèv ki jwenn opòtinite pou angaje nan eksperyans pansè kritik te vrèman enspiran. Ansanm, n ap bati yon anviwònman aprantisaj ki pi djanm pou tout elèv yo.

BIZNIS & OPERASYON

Sèvis Manje



Semèn Devlopman CT pou Timoun CT a se te yon gwo siksè! Mèsi ak tout moun ki te patisipe nan evènman an.



Men kèk nan fèm yo te montre pandan evènman Devlopman CT pou Timoun CT a semèn pase a.

[Atire Atansyon sou Fèm rive Lekòl: Fèm ki nan Woodbury, CT la](#)

[Atire Atansyon sou Fèm rive Lekòl: Blue Hills Orchard ki nan Wallingford, CT](#)

Ou ka jwenn videyo sa yo tou sou [Sit Entènèt Sèvis Manje Lekòl NPS yo.](#)



Kounye a sezon frede a rive sou nou, lekòl segondè nou yo pral sèvi lèt ak chokola tyèd nan dejene, pase fè yon ti goute. Lekòl segondè nou yo pral kòmanse tou Chwa Elèv. Elèv nou yo pral gen chans pou vote sou konsepsyon nouvo meni epi si yo renmen l Chartwells pral mete l nan meni an.

Sample from previous year

MOOD BOOST


Mood: CALM

Today's Tasting:

Spinach & Strawberry Salad

How it helps you stay CALM:

- o Strawberries contain **vitamin C** which protects against cellular damage in the body and may reduce anxiety
- o Spinach contains **folate**, a B vitamin, which can help with stable mood



Nan lekòl elemantè yo semèn sa a, Chartwells pral kòmanse pwogram rekonpans Amelyorasyon Imè yo a. Se yon bon pwogram ki anseye elèv yo fason manje konekte ak imè yo.

FFVP nou yo pral sèvi Piman ak Pòm semèn sa a ak semèn pwochèn, Chou Frize ak Fig.



[Aprann & Goute: Pòm](#)



[Aprann & Goute: Pwawwon](#)

Depatman Sèvis Pou Manje a te resevwa yon vòt inanim nan men Konsèy Komen an semèn pase a pou achte yon nouvo kamyon refrijere!

Enstalasyon yo

Kazyè Roton Middle School yo - Nou te resevwa pri pou ranplase kazyè Roton Middle School yo e nou deja mete etap pou bay egzèkite pwojè a pou ete 2025. Pri a te pi ba pase sa n te panse e planifikasyon yo anplas pou mete yon lòt lekòl presegondè pwochen ete a.

Ranplasman Tank Gaz nan Tracey ak brookside - Yon revizyon pre-konstriksyon ap fèt kounye a ak Depatman Sèvis Administratif yo pou mete pwojè sa yo deyò pou fè òf pou yo ta konplete nan ete 2025.

Rediksyon nan Fox Run - Gen diskisyon k ap fèt ak Depatman Sèvis Administratif yo pou akseptè pwojè sa a epi pèmèt NPS fè òf pou yo ta konplete nan ete 2025.

Sekirite Lekòl la

Ekip Sekirite Lekòl la ak Ekip Analiz Done NPS la pou etann epi kalibre sistèm suivi ensidan ak disiplin nou yo. Done yo kolekte yo ede distri a ak lekòl yo analize ensidan yo an gwo e an detay, sa ki gide règleman, pwosedi ak pwogram yo fè pou sipòte elèv yo epi modifye konpòtman yo.

Transpò

NPS pral selebre Semèn Nasyonal Sekirite nan Bis nan dat 21 Oktòb ak plizyè evènman nan tout distri a. Lendi/Madi n ap fè patenarya ak NPD pou Operasyon Arè Sekirite, y ap bay sèvis patwouy nan arè bis kote gen gwo trafik nan zòn Wout 7, Wout 1 ak West Avenue. Nan dat 23 Oktòb, Durham pral selebre chofè nou yo ak manje epi prim pou sekirite.



Nan dat 24 ak 25 Oktòb, lekòl yo pral fè Egzèsis Evakyasyon Bis nan maten lè yo rive. Elèv yo pral soti nan pòt dèyè bis la nan pòt ijans lan, staf lekòl la ap sou plas pou asiste.

Pandan semèn sa a Fox Run, Kendall ak Wolfpit pral selebre evènman Nasyonal Bisiklèt, Mache ak Pwomnad pou al lekòl. Komisyon Bisiklèt/Mache nan vil Norwalk, Nuvance Health ak Depatman Sante Norwalk ap sou plas pou distribye resous edikasyon epi reponn kesyon sou sekirite.

Sèvis Sante

Nou te resevwa yon kantite tè Covid limite nan men eta a e yo disponib si gen bezwen pou staf, elèv, ak fanmi yo.

Enfimyè lekòl yo te asiste yon jounen devlopman pwofesyonèl solid nan dat 15 Oktòb e yo te asiste prezantasyon sou ajan patojèn transmisib nan san, ni sou swen kriz epilepsi pou enfimyè lekòl yo nan men [Fondasyon Epilepsi Connecticut](#).

Sibvansyon



Ekip Sibvansyon an kontan pataje yon patenarya nou fè ant Lekòl Piblik Norwalk yo ak Fondasyon Arthur Miller (AMF). AMF travay pou bay aksè ekitab ak edikasyon teyat nan lekòl piblik yo e li vize ogmante kantite elèv ki resevwa yon edikasyon teyat ki apa kòm yon pati entegral nan kourikoulòm akademik yo. AMF te fèk sot òganize premye atelye Devlopman Pwofesyonèl yo ak uit pwofesè teyat/dans nan Norwalk. Pandan tout dewoulman atelye a AMF te bay staf la resous tankou tikè teyat pou klas yo pou asiste pèfòmans an dirèk, materyèl pou salklas yo, epi ansanm yo te travay pou idantifye fason edikasyon nan teyat chita nan Pòtrè yon Gradye nou an. Noue vrèman kontan pou n genyen AMF kòm yon patnè nan Norwalk!

APRANTISAJ DIJITAL & TEKNOLOJI

Lojisyèl Antrepriz/Done

Nòt Matematik NWEA RIT yo te enpòte ak siksè nan platfòm IXL la. Plan etid MAP pèsonalize IXL la kounye a gide elèv yo dirèkteman sou konpetans yo bezwen devlope, sou baz nòt RIT yo.

Tout lidè batiman yo ak chèf depatman nan biwo santral la kounye a gen aksè ak Analiz ClassLink sou tablo yo. Analiz yo bay yon tablo pèsonalize pou chak aplikasyon edikasyon ak zouti ki disponib sou LaunchPad yo. Rezime angajman pou chak aplikasyon, atravè nenpòt peryòd tan, ka divize pa nivo klas, salklas, oswa elèv endividyèlman, konsa li bay yon vizyon ki pi apwofondi. Nou kontinye bay sipò chak jou pou tout pwoblèm itilizatè final yo jwenn.

Enfrastrikti/Operasyon

Ekip la te rive bay asistans ak divès konfigirasyon atravè Distri a pou sesyon devlopman pwofesyonèl yo nan dat 15 Oktòb la. Nou toupre pou n finalize videyo fòmasyon sou sekirite yo pou staf la, ke nou planifye pou n lanse nan dat 5 Novanm. Anplis de sa, nouvo pwèn aksè de deplwaye nan Marvin ak Brookside.

Aprantisaj Dijital

Semèn pase a, Antrenè Aprantisaj Dijital Elemantè nou yo, ansanm ak administrasyon pou Sèvis Medya Bibliyotèk ak Pwomès Dijital nou an, te asiste Konferans Otòn sou AI (Entèlijans Atifisyèl) nan Edikasyon ki te òganize pa EdAdvance nan Litchfield, CT. Nou te eksplòre nouvo zouti ki disponib pou edikatè yo epi diskite sou estrateji pou mete sou pye resous sa yo nan distri nou an.

Medya Bibliyotèk

Espesyalis Medya Bibliyotèk nou yo pral asiste Konferans Bibliyotèk CASL la nan dat 21 Oktòb. Tèm konferans lan se Ansanm Nou Konekte (Together We Connect-icut), ki mete an vedèt pwofesè-bibliyotèk ak inovatè teknoloji renome Shannon Miller, ansanm ak ekriven Mike Curato. Pwofesè bibliyotèk Jodi Flom Nathanson ki soti nan Fox Run School, Beverly Boyd ki soti nan Brien McMahon, ak Lynn Payton-Roby, kowòdonatè nou an, te fèk asiste Reyimajine Bibliyotèk Edikatif Komen nan Epòk AI (Entèlijans Atifisyèl) sou fòm yon seri atelye. Yo te fouye nan istwa AI, egzamine tandans ak defi yo, epi eksplòre divès zouti AI.

Seri Dyapozitiv Bibliyotekè Grandi & Briye: [Lyen](#)

FINANS

Ekip Sibvansyon an te fè yon revizyon konplè sou kalandriye sibvansyon aktyèl la pou asire li toujou aliye ak objektif e konfòmite finansye nou yo.

Fòmilè demann bidjè yo pou revizyon pèfòmans Biwo Santral la te distribye bay divès depatman, pou pèmèt yo soumèt bezwen finansye ak priyorite yo pou pwochen ane fiskal la. Anplis de sa, depatman an te rive konvoke yon rankont sou bidjè kominotè, konsa yo bay yon opòtinite pou divès pati yo di sa yo panse epi poze kesyon konsènan pwosesis bidjè a. Pou amelyore angajman piblik ak aksesibilite, nou planifye yon rankont kominotè vityèl pou asire plis patisipasyon nan pwosesis planifikasyon bidjè a. Nou kontinye kolabore nan tèt kole ak teknisyen odit yo nan odit endepandan k ap fèt nan tout vil la, konsa nou kenbe transparans ak responsablite nan pratik finansye nou yo. Epitou, depatman an te resevwa sibvansyon eta a deziyen espesyalman pou elimine depans medikal anplwaye pou paraedikatè yo, pou ede yo diminye chaj finansye global la sou distri a.

Pou fini, yon reyinyon preliminè te fèt ak direktis la pou kòmanse mete priyorite bidjè pou Ane Fiskal 2026, ki santre sou planifikasyon finansye alontèm ak alokasyon resous. Efò sa yo reflekte angajman nou toujou pran pou responsablite fiskal, angajman kominotè, ak estrateji planifikasyon pou sipòte misyon edikasyon nou an.

RESOUS IMÈN

Tanpri siveye Bilten Resous Imèn ki pral vini an, ki pral genyen mizajou enpòtan ak enfòmasyon.